G.A.XODJAEVA

# PITKERIW QA'NIGELIK JUMISIN TAYARLAW



NO'KIS-2018

Scanned by CamScanner

O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARİ HA'M ORTA ARNAWLİ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK
UNIVERSITETI

TA'BIYATTANIW FAKULTETI

G.A.XODJAEVA

5140700 – «Gidrometeorologiya» bakalavr bag'darı studentleri ushın pitkeriw qa'nigelik jumısın tayarlaw boyınsha

# METODIKALIQ QOLLANBA

NO'KIS-2018

Scanned by CamScanner

**Pitkeriw qa'nigelik jumısı**/O'zbekistan Respublikası joqarı ha'm orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti; du'ziwshi: Geografiya kafedrası dotsenti G.A.Xodjaeva, No'kis, 2018, 30 bet.

Metodikalıq qollanbada pitkeriw qa'nigelik jumısının' u'lgi temaların du'ziw, tastıyıqlaw, orınlaw, jaqlaw ha'm bahalaw boyınsha usınıslar berilgen.

Bul metodikalıq qollanba joqarı oqıw orınlarının' bakalavr studentleri, olardın' ilimiy basshıları, kafedra baslıqları, fakultet dekanları, sonday-aq bilimlendiriw sistemasında shug'ıllanıwshılar ushın mo'lsherlengen.

Du'ziwshi: Geografiya kafedrası dotsenti G.A.Xodjaeva

**Pikir bildiriwshiler:**

***R.Gaipova*** – *A'jiniyaz atındag'ı NMPİ, Geografiyanı oqıtıw metodikası kafedrası baslıg'ı*

***N.Embergenov*** – *Berdaq atındag'ı QMU Geografiya kafedrası baslıg'ı*

*Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetining Ken'esi ta'repinen usınıs etilgen (2018-jıl 20-fevral 4–sanlı bayanlama)*

Scanned by CamScanner

## So'z basi

O'zbekistanda bilimlendiriw sistemasın tu'pten reformalaw boyınsha xalıqaralıq ko'lemdegi jumıslar a'melge asırılıp, u'ziliksiz bilimlendiriwdin' zaman talabına juwap beretug'ın bir pu'tin sisteması jaratıldı. Joqarı bilimlendiriwdin' bakalavr ha'm magistratura basqıshı jolg'a qoyıldı.

G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasın ja'nede rawajlandırıw ushın joqarı bilimge ha'm ol jerde tayarlanatug'ın qa'nigelerge bolg'an talaptı tu'pten o'zgertiriw maqsetinde, erkin pikirlewshi, u'zliksiz ta'limnin' zamanago'y talaplarına juwap beretug'ın, o'zi tan'lag'an bag'darı boyınsha miynet etiwge tayar, respublikamızdın' ilimiy-texnikalıq, ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwın ta'miyinlewge u'les qosatug'ın, joqarı ta'jiriybeli, ba'sekege shıdamlı kadrlar tayarlaw maqsetinde joqarı bilimlendiriw sisteması qa'nigelerdi tayarlawdın' du'nya ju'zlik bilim beriw standartına muwapıq eki basqıshqa: bakalavriatura ha'm magistraturag'a iye boldı.

Bakalavriat bag'darlamasının' juwmaqlawshı bo'legi pitkeriw qa'nigelik jumısı (PQJ) esaplanıp, ol bakalavriatura pa'nleri bloklarınan alıng'an bilimlerdin' tiykarında tayarlanadı. PQJ da student o'z ka'sibi iskerligine tiyisli ma'selelerdi u'yreniwi ha'm analizlep izertlewi kerek boladı. Bul jumıstı Ma'mleketlik attestatsiya komissiyası (MAK) aldında tabıslı jaqlawı og'an ka'siplik bag'darı boyınsha «bakalavr» da'rejesin beriw ha'm o'z bag'darına sa'ykes magistraturada bilim alıw imkaniyatın beredi.

Qollanba joqarı oqıw orınlarının' bakalavr studentleri, olardın' ilimiy basshıları, kafedra baslıqları, fakultet dekanları, sonday-aq bilimlendiriw sistemasında shug'ıllanıwshılar ushın tayarlang'an bolıp, onda pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlawg'a qoyılatug'ın talaplar: temalardın' u'lgilerin qa'liplestiriw, tema tan'law, onı ornatılg'an ta'rtipte ra'smiylestiriw, pitkeriw qa'nigelik jumısı menen baylanıslı mag'lıwmatlar jıynaw, ulıwmalastırıw ha'm qayta islew, pitkeriw qa'nigelik jumısının' quramı, onın' ko'lemine qoyılatug'ın talaplar, ra'smiylestiriw forması, ilimiy basshılardın' belgileniwi, jumıstı bahalaw ta'rtibi, tapsırmalardı du'ziw haqqındag'ı mag'lıwmatlar beriledi.

Bul metodikalıq qollanba Joqarı ha'm orta arnawlı bilim ministrliginin' ha'm Ma'mleketlik arxitektura ha'm qurılıs komitetinin' 2008-jıl 31-iyuldag'ı №16/226-sanlı qararı menen tastıyıqlang'an qag'ıydası, Joqarı ha'm orta arnawlı bilim ministrliginin'2010-jıl 9-iyundag'ı 225-sanlı buyrıg'ı menen tastıyıqlang'an «Joqarı oqıw orınlarında bakalavrlardın' pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlawg'a qoyılatug'ın Talaplar»ı tiykarında islep shıg'ıldı.



Scanned by CamScanner

## Pitkeriw qa'nigelik jumısının' maqseti ha'm wazıypası

Pitkeriw qa'nigelik jumısı (keyingi orınlarda PQJ dep ju'rgiziledi) joqarı oqıw ornı bakalavriatında studentlerdi oqıtıwdın' juwmaqlawshı basqıshı esaplanıp, onın' tiykarg'ı maqseti - bilimlendiriw bag'darı boyınsha teoriyalıq ha'm a'meliy bilimlerin bekkemlew ha'm ken'eytiw, alıng'an bilimlerdi ilimiy-texnikalıq, ekonomikalıq wazıypalardı sheshiwde qollanıw, sonday-aq, aymaqlarda anıqlang'an qanday da bir mashqalanın' qoyılıw protsessinen baslap, onı tolıq aqırına jetkizip, sheshimin tabıwg'a bag'darlang'an ilimiy-izertlew jumıslarının' na'tiyjesi esaplanadı.

5140700-Gidrometeorologiya bag'darı boyınsha PQJ jazatug'ın studentlerdin' aldına to'mendegi wazıypalar qoyıladı:

- temag'a sa'ykes sheshiliwi za'ru'r bolg'an ilimiy, texnikalıq, ekonomikalıq, sotsiallıq, ma'deniy ha'm o'ndiris ma'selelerin, aymaqlardag'ı belgili bir mashqalalardı anıqlaw;
- tema boyınsha normativ-hukuqıy hu'jjetlerdi, mag'lıwmatlar, esabatlar, oqıw ha'm ilimiy a'debiyatlardı izlep tabıw ha'm olardan paydalanıw;
- jumısta teoriyalıq ha'm a'meliy ko'nlikpelerdi qollay alıw, belgili bir ma'selelerdi sheshiw;
- tvorchestvalıq, o'z betinshe islew, mag'lıwmatlardı izlew, jıynaw, mag'lıwmatlar boyınsha jumıs alıp barıw ha'm saqlaw ushın zamanago'y kompyuter ha'm informatsion texnologiyalardan paydalana alıw, u'yrenilip atırg'an mashqalanın' qoyılıw protsessinen baslap, onın' tolıq sheshimin tabıwg'a shekemgi juwapkershilikti seziw;
- PQJ nın' sızılma-grafik ha'm statistikalıq mag'lıwmatlardı analizlew jumısların zamanago'y informatsion texnologiyalar ja'rdeminde orınlaw;
- PQJ da sheshiliwi sha'rt bolg'an mashqala ha'm ma'selelerdi sheshiwde o'z betinshe islew ko'nlikpelerin rawajlandırıw, ilimiy tiykarda izertlew alıp barıw ha'm anıq mag'lıwmatlar alıw ushın ta'jiriybe o'tkeriw;
- mashqalalı ma'selelerdi anıqlaw, analizlew, jumıstı tayarlaw ha'm qararlar qabıl qılıwdın' standart emes usılların izlep tabıw;
- zamanago'y o'ndiris, ilim, texnika ha'm ma'deniyattın' rawajlanıwı sha'rayatında o'z betinshe isley alıw tayarlıg'ın arttırıw;
- PQJ da analiz qılıng'an mashqala ha'm ma'seleler sheshimlerin MAK ag'zalarına tiykarlap beriw;
- PQJ nı jaqlaw protsessinde o'z ko'z-qarasın qorg'ay alıw ha'm o'z-ara kelisimge keliw, dialogqa qosılıw, tema boyınsha berilgen sorawlarg'a tiykarlang'an juwap beriw, etika qag'ıydalarına a'mel qılg'an jag'dayda diskussiyada qatnasıw etikasın ko'rsete alıw qa'siyetlerin rawajlandırıw.

PQJ da to'mendegi ma'seleler sheshimi anıq ko'rsetiliwi lazım:

- tan'lap alıng'an PQJ temasının' aktuallıg'ın ilimiy tiykarlaw;
- jumıstın' maqseti ha'm wazıypasın anıq bayanlaw;
- jumıstın' obekti ha'm predmetin anıqlaw;
- jumıs usılı ha'm metodların tan'law;
- temanı anıq da'liller tiykarında analizlew ha'm onı ha'r ta'repleme jarıtıp beriw;
- izertlew dawamında alıng'an na'tiyjelerge baha beriw, a'meliy a'himiyetke ılayıqlı anıq sıpatlama ha'm xarakteristikalar beriw, juwmaqlardı tu'sindiriw kerek.

PQJ to'mendegi talaplarg'a juwap beriw kerek:



Scanned by CamScanner

- tan'lang'an temanın' ilimiy, ekonomikalıq, sotsiallıq, ma'deniy, salıstırmalı analiz tiykarında aktuallıg'ın tiykarlap beriw;

- islenetug'ın tema mashqalası boyınsha salıstırmalı ha'm mashqalanın' islenip atırg'an waqtındag'ı halatın analizlew;

- qoyılg'an mashqala boyınsha ilimiy sheshimnin' mu'mkin bolg'an variantların analizlew ha'm olardan optimal varianttı tan'law;

PQJ na tiyisli ilimiy-ekonomikalıq mashqalanı sheshiw na'tiyjesinde tiyisli juwmaqlar ha'm usınıslardı tu'sindiriw, ekonomikanın' belgili bir sektorında onnan paydalanıw mu'mkinshilikleri bar bolsa, onı anıqlaw kerek.

## Pitkeriw qa'nigelik jumısı teması

PQJ teması studentler ta'repinen tan'lanadı.

PQJ teması aktual bolıwı, ilim, texnika ha'm ma'deniyattın' zamanago'y jag'dayı ha'm rawajlanıw keleshegine sa'ykes keliwi ha'm o'z mazmunına qaray Ma'mleket ta'lim standartına juwap beriwi kerek. Temanı tan'lawda o'ndiris, ilim ha'm pa'nnin' real ma'selelerin esapqa alıw usınıs etiledi. PQJ temalarının' dizimi universitet (fakultet) Ken'esi ta'repinen ko'rip shıg'ıladı ha'm tastıyıqlanadı. PQJ nın' temaları dizimi zaman talapları tiykarında ha'r jılı jan'alanadı.

PQJ-sı ushın da'slepki tapsırıq studentke 2-kurstın' basında beriw maqsetke muwapıq. Berilgen temag'a muwapıq PQJ basshısı a'meliyatlar dawamında qa'nigelik pa'nlerden kurs jumısın orınlaw waqtında onın' ayırım bo'limlerin orınlaw boyınsha tapsırma beredi. O'ndiris (bitkeriw aldı) a'meliyatı tamam bolg'annan son' jıynalg'an mag'lıwmatlardı esapqa alg'an halda PQJ temasına o'zgertiw kiritiliwi mu'mkin. Basshı ta'repinen du'zilgen ha'm kafedra baslıg'ı ta'repinen jaqlaw mu'ddeti ko'rsetilgen tapsırmalar tastıyıqlang'annan keyin rektor buyrıg'ı menen PQJ temaları tastıyıqlanadı. Tapsırma forması dekannın' usınısına qaray rektor buyrıg'ı menen belgilenedi. Usı tapsırma PQJ nın' titul beti ha'm tu'sindiriw xatı menen birgelikte sırtın qaplag'an, tu'plegen jag'dayda Ma'mleket attestatsiya komissiyasına usınıs etiledi.

Studentlerge PQJ temaların tan'lap alıw huqıqı beriledi.

Student yamasa studenttin' oqıwı ushın to'lew sha'rtnama pulların to'lewshi buyırtpashı PQJ teması boyınsha o'z variantların usınıs etiwi mu'mkin.

## Pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlawdın' tapsırması

PQJ teması ha'm onın' ilimiy basshısı tastıyıqlang'annan keyin student ilimiy basshısı menen birge pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlaw boyınsha tapsırmanı islep shıg'adı. Tapsırma qa'nigelik kafedrasınnın' ma'jilisinde dodalandı ha'm tastıyıqlandı.

Tapsırmada PQJ g'a tema tan'lawdan baslap, onı jaqlawg'a shekem bolg'an protsess qamtıp alınıwı, olardı orınlawdag'ı izbe-izlikti esapqa alıw maqsetke muwapıq boladı.

Tapsırma bir oqıw jılına bag'darlanıp du'ziliwi ha'm a'melge asırılıwı na'zerde tutılg'an is-ilajları ha'm olardın' orınlanıw mu'ddetleri anıq bolıwı lazım.

Student PQJ nı tayarlaw boyınsha tapsırmadag'ı jumıslardın' barısı haqqında belgilengen mu'ddetlerde ilimiy basshıg'a ha'm kafedrag'a turaqlı esap berip turadı.

Esaplar tapsırmanın' tiykarında tayarlanadı ha'm talap etiledi. Esaplar jazba tu'rde bolıp kafedrada saqlansa, studenttin' alıp barıp atırg'an jumıslarının' dinamikasın u'yreniw ushın a'hmiyetli mag'lıwmat bolıp xızmet etedi.

Tapsırma u'lgisine ta'lim bag'darının', pa'nnin' yamasa aymaqlarda anıqlang'an mashqalalardın' o'zine ta'n o'zgesheliklerinen kelip shıqqan jag'dayda o'zgertiwler kirgiziw mu'mkin. Tapsırmanın' u'lgisi 5-qosımshada keltirilgen.



Scanned by CamScanner

## Pitkeriw qa'nigelik jumısının' quramı ha'm mazmunı

PQJ nın' quramı:
Titul beti;
Mazmunı;
Kirisiw;
Tiykarg'ı bo'lim;
Juwmaqlaw;
A'debiyatlar dizimi;
Qosımshalardan (eger bar bolsa) ibarat boladı.

**Titul beti** PQJnın' birinshi beti bolıp, ol u'lgige tiykarlang'an jag'dayda ra'smiylestiriledi (1-qosımsha). Titul betine kafedra baslıg'ı ha'm ilimiy basshı qol qoyadı. Titul betinen keyin PQJnın' mazmunı jaylastırıladı.

**Mazmunda** barlıq bo'limler (baplar), paragraflardın' atları, olardın' baslang'an beti anıq ko'rsetiledi. Mazmunda bo'limler (baplar), paragrafları ha'm olardın' ba'ntlerinin' atamaların qısqartıp jazıw yamasa olardı tiykarg'ı teksttegiden basqasha ta'rtip ha'm mazmunda jazıwg'a jol qoyılmaydı.

PQJnın' **kirisiw bo'limi** to'mendegishe qa'liplestiriledi:

- PQJ temasının' tiykarlanıwı ha'm onın' aktuallıg'ı;
-maqset ha'm wazıypaları;
- obekti ha'm predmetinin' belgileniwi;
-ilimiy jan'alıg'ı;
-izertlewde qollanılg'an usıllardın' qısqasha sıpatlaması;
- izertlew jumısının' na'tiyjelerinin' teoriyalıq ha'm a'meliy a'himiyeti;
-PQJnın' du'zilisi.

PQJnın' tiykarg'ı bo'limi u'sh baptan ibarat bolıp, tema boyınsha usı ku'nge shekem a'melge asırılg'an jumıslar, erisilgen na'tiyjeler, jan'alıqlar, ashılıwlar analiz qılınadı, olarg'a tiykarlang'an jag'dayda alg'a su'rilgen pikirler ilimiy jaqtan tiykarlanıp, anıq sheshimler, usınıslar islep shıg'ıladı.

PQJdag'ı ha'r bir baplar ko'lemi jag'ınan o'z-ara sa'ykes bolıwı ha'm ha'r bir bapta:

-izertlew teması boyınsha basqa dereklerdegi teoriyalıq, a'meliy ha'm empirik na'tiyjelerdin' kritikalıq ko'z qarastan analizi;
-izertlew metodikası;
-student ta'repinen o'z betinshe alıp barılatug'ın analizlik jumıslarının' sıpatlaması;
-studenttin' ta'lim, ilim, ma'deniyat, texnika, ekonomika, sotsiallıq ha'm basqada tarawlardın' mashqalaların sheshiwge qosqan o'z u'lesi;
-ha'r bir bo'limdegi ma'sele yamasa ma'sele sheshimi na'tiyjeleri anıq bayanlanıwı;
-keltirilip atırg'an da'lillerdin' anıq ha'm isenimli bolıwı;
-baplardag'ı bo'limler, olardın' ishindegi paragraflar ha'm ba'ntlerdin' o'zara baylanıslılıg'ı ha'm logikalıq izbe-izligi.

**PQJnın' juwmaqlawında** jumıstı jazıw dawamında analizlengen ha'm tekserip anıqlang'an mag'lıwmatlar juwmag'ınan ibarat boladı. Sonın' ishinde, PQJnın' juwmaqlaw bo'liminde student ta'repinen o'z betinshe alıng'an jan'a na'tiyjelerdin' ha'r biri sanap o'tiledi, jumıstın' teoriyalıq ha'm a'meliy a'himiyeti sa'wlelendiriledi ha'm alıng'an natiyjelerden paydalanıw, olardı a'meliyatqa usınıw boyınsha anıq usınıslar beriledi.

**Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimine** barlıq u'yrenilip shıg'ılg'an a'debiyatlar, sonnan sırt el a'debiyatları, temag'a tiyisli normotiv hu'jjetler,



Scanned by CamScanner

baspada ja'riyalang'an ilimiy maqalalar, monografiyalar, internet mag'lıwmatları ha'm basqa derekler kirgiziledi. Tiykarg'ı tekstke ko'rsetilmegen ha'm a'melde pitkeriwshi ta'repinen paydalanılmag'an derekler a'debiyat dizimine kirgizilmeydi. A'dette, PQJnı jazıwda ha'r qıylı formadag'ı dereklerden, yag'nıy avtor ha'm avtorlar ta'repinen jazılg'an kitaplar, ilimiy toplamdag'ı maqalalar, jurnal maqalaları, gazeta maqalaları, dimmertatsiya avtoreferatları, avtorlıq guwalıqları, patentlerden paydalanıladı. A'debiyatlar dizimin qa'liplestiriwde dizimge alıng'an dereklerdi bo'lek, bo'lek du'zip shıg'ıw usınıs etiledi.

A'debiyatlar dizimin qa'liplestiriwde PQJda paydalanılg'an ha'r tu'rli tillerdegi dereklerdi ta'rtip penen du'zip shıg'ılıwına da ibitar qaratılıwı kerek. PQJda paydalanılg'an a'debiyatlardı ra'smiylestirgende da'slep basshılıq ha'm normativ huquqıy a'debiyatlar, al onnan keyin a'debiyatlardın' izbe-izligi a'lippe ta'rtibinde jaylastırılg'anı maqul. Al, internettegi resurslar sayt, blog ha'm basqa elektron dereklerdin' qabıllang'an formadag'ı anıq ma'nzili ko'rsetiledi.

**Qosımshalar**g'a PQJ mazmunın ashıp beriwde tolıqtırıwshı ha'm sıpatlawshı ha'r qıylı ja'rdemshi materiallar kirgiziledi. Bular:

-formulalar, EEM ushın jazılg'an programmalardın' teksti, sanlı na'tiyjeler, anıq esap-kitaplar;

-statistikalıq mag'lıwmatlar;

- ta'jiriybelerdin' na'tiyjeleri;

-da'slepki derek materialları;

-ja'rdemshi kesteler;

-ta'jiriybelerde, o'lshew ha'm sınawlarda qollanılg'an wskeneler, laboratoriya u'skeneleri haqqında mag'lıwmatlar;

-grafikler, su'wretler;

-basqa shet el a'debiyatlardan alıng'an u'zindiler h.t.b.

Qosımshalardın' izbe-izligi PQJda olardın' keltiriliw ta'rtibine sa'ykes ha'm ha'r bir qosımsha o'z aldına betlerde "1-qosımsha", "2-qosımsha", "3-qosımsha" formasında bolıwı lazım. Sonday-aq, qosımshalar PQJnın' ulıwma ko'leminin' u'shten bir bo'liminen asıp ketpewi kerek.

**PQJnın' jazılıw tili.** PQJ studenttin' oqıg'an tilinde (kafedranın' usınısı menen shet tillerde) jazıladı. Shet tillerde jazılg'an PQJlarg'a ma'mleketlik tilde annotatsiya qosımsha qılınadı ha'm bunday PQJlardın' da'slepki ha'm rasmiy qorg'awları awdarma menen o'tkeriledi.

PQJ ilimiy usılda, belgili bir pa'n tarawında qabıl etilgen termin ha'm tu'siniklerdi engizgen jag'dayda imla ha'm metodikalıq qa'telersiz jazılıwı lazım.

PQJda isletilgen termin ha'm belgiler barlıq jumıs dawamında bir tu'rde beriliwi, olar ilimiy ja'a'ma'tshilik ta'repinen ken'nen qollanılıp atırg'an bolıwı za'ru'r.

**PQJda paydalanılg'an a'debiyatlardı ra'smiylestiriw.** PQJda paydalanılg'an barlıq a'debiyatlar dizimge kirgiziledi. PQJ avtorı haqıyqıy derekti oqımastan, basqa dereklerden paydalang'an bolsa, ol jag'dayda ssılkada paydalanılg'an derek ko'rsetiliwi kerek.

**PQJda a'debiyatlarg'a ssılkalar beriw.** Ssılka qılınatug'ın a'debiyatlar sol bettin' aqırında xat basınan jazıladı. Ssilka tiykarg'i tekstten siziq penen ajiratiladi ha'm ha'r bir bet ushın o'z aldina izbe-izlikte ta'rtip penen ramkalanadi. Tekstte derekti jaziwdin' tu'rli formalari bar. Olar qanday formada bolmasin, a'debiyatlar haqqindag'i ha'mme mag'liwmatlar aniq boliwi lazim. Bunda:

**-o'z aldina shig'arma ya'ki monografiyalardan paydalanilg'anda:** aftordin' familiyasi, ati, a'kesinin'ati, shig'arma ati, baspadan shiqqan shiqqan



Scanned by CamScanner

orni, baspa ati, shig'arilg'an jili ha'm shig'armada paydalanilg'an bettin' ta'rtip sani sa'wlelenedi;

**-ilimiy toplamlardan paydalanilg'anda:** aftordin' familiyasi, ati, a'kesinin' ati, maqalanin' ati, toplamnin' ati, baspadan hiqqan orni, baspa ati, baspadan shiqqan jili ha'm maqaladan paydalanilg'an bettin' ta'rtip sani sa'wleleniwi;

**-ilimiy jurnallardan paydalanilg'anda:** aftordin' familiyasi, ati, a'kesinin' ati, maqalanin' ati, jurnaldin' ati, baspadan shiqqan orni, baspadan shiqqan jili, jurnaldin' sani ha'm maqaladan paydalanilg'an bettin' ta'rtip sani sa'wleleniwi;

**-gazetalardan paydalanilg'anda:** aftordin' familiyasi, ati, a'kesinin' ati, maqalanin' ati, gazetanin' ati, baspadan shiqqan orni, baspadan shiqqan jili, baspadan shiqqan ku'ni ha'm ayi sa'wleleniwi;

**-avtoreferatlardan paydalanilg'anda:** aftordin' familiyasi, ati, a'kesinin' ati, dissertatsiyanin' ati, ilim kandidati ya'ki doktori ilimiy da'rejesin aliw ushın jazilg'an avtoreferat ekenligi, ma'nzili, baspadan shiqqan jilı, paydalanılg'an beti sa'wleleniwi lazim.

Ma'selen:


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги "Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегиси тўғрисида» ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси қонун хужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда
2. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: ҳавфсизликға таҳдид, барқарорлик шартлари, тараққиёт кафолатлари. – Тошкент: Ўзбекистон, 1996. – 226 б.
3. Матмуратов Дж. Агроклиматические условия Северо-западного Узбекистана. – Нукус: Каракалпакстан. 1989. - 256 с.
4. Рафиков А.А., Тетюхин Г.В. Снижения Аральского моря и изменения природных условий низовьев Амударьи. – Ташкент: Фан. 1981. - 200 с.
5. Чуб В.Е. Изменение климата и его влияние на природно-ресурсный потенциал Республики Узбекистан. – Ташкент: САНИГМИ, 2000. - 252 с.
6. Qaraqalpaqstan Respublikası gidrometeorologiya basqarması mag'lıwmatları.
7. www.Ziyonet.uz h.t.b.


**PQJ tekstinin' jazılıwı.** PQJ teksti qol jazba formasında ya'ki kompyuterde jazılıwı mu'mkin. PQJ kompyuterde Microsoft Word tekst ya'ki sog'an uqsas shrifttı qollag'an jag'dayda Times New Roman 14 o'lshemli shriftte, 1,5 qatar aralıg'ında jazıladı ha'm A4 standart qag'azda baspadan shıg'arıladı. PQJ betlerinde teksttin' shep ta'repi 3 sm, joqarı, to'mengi ha'm on' ta'repi 2 sm boladı.

Abzats bes ya'ki altı belgige ten' ha'm birdey bolıwı talap etiledi.

**PQJ nı betlew.** PQJnin' betlerine titul betinen keyin ta'rtip penen (2,3,4, ...) san qoyiladi. San qoyiwdin' ta'rtibi titul betinen esaplanip, titul betine san qoyilmaydi. San 2-betten 2 bet ma'nisi menen qoyiladi. Ta'rtip sani PQJnin' to'mengi ta'repinin' ortasına qoyıladı.

**Baplar ha'm bo'limlerdin' tematikasının' jazılıwı.** Baplar ha'm bo'limlerdin' temasındag'i barlıq so'zler bas ha'ripler menen o'z aldina qatarda, bo'lim ishindegi ataliwlar kishi ha'ripler menen abzatstan jazıladı. Paragraflardı jazıwda buwın ko'shirilmeydi. Paragraf penen tekst arasında 3-4 interval bolg'anı maqul. Paragraftın' astın sızıw ( <u>tema)</u> yamasa onı qiya qılıp *(tema)* jazıw usınıs etilmeydi.

PQJ bo'limleri, bo'lim ishindegi paragraflarg'a arab sanların qoyıw usınıladı.



Scanned by CamScanner

Ha'r bir paragraf ishindegi ba'neler de arab sanları menen belgilenedi.

**Teksttegi formulalardın' jazılıwı.** Teksttegi formulalarda u'lken ha'm kishi ha'ripler, joqari ha'm to'mengi indeksler anıq beriliwi lazım.

Ten'leme ha'm formulalardın' joqarı ha'm to'mengi ta'replerinde bir qatar orın qaldırıladı. Ten'leme bir qatarg'a sıymag'an jag'dayda sıymag'an bo'lim ten'lik belgisi (=) nen ya'ki qosıw (+), ayiriw (-), ko'beytiw (x), bo'liw (:) belgilerinen keyin na'wbettegi qatarg'a ko'shiriliwi usınıladı.

PQJdag'ı formulalar bo'lim shen`berinde bir-birinen ajıralip turıwı ushın arab sanlari menen belgilenedi. Formula sanı bo'lim sanı ha'm formulanın' bo'limdegi ta'rtip sanınan quraladı ha'mde olar bir-birinen u'tir menen ajıratıladı.

**Tekst ishindegi su'wretlerdin' jaylastırılıwı.** Tekst ishindegi su'wretler astına ta'rtip penen "1-su'wret", "2-su'wret" ha'm t.b. dep jazıladı. Su'wret tekstten ajıralıp turıwı ushın onın' u'stinde ha'm astında bir qatar orın qaldırıladı. Tekstte su'wretlerge qosımsha qılıng'an orınlarda qawsırma ishine (1-su'wret), (2-su'wret) dep jaziladi (6-qosımsha). Su'wrettin' ati, og'an beriletug'ın sıpatlama yamasa tu'sindirmeler su'wret astına jazıladı ha'm ol tekstlerdin' astina siziw, qiya qilip jaziw usınıs etilmeydi.

**Tekst ishine kestelerdin' jaylastırılıwı.** Tekstte beriletug'ın kestelerdin' u'stki on' ta'repine ta'rtip penen "1-keste", "2-keste" dep, son' ortadan kestenin' ataması jazıladı. Tekstte kestelerge qosımsha qılıng'an orınlarda ta'rtip penen qawsırma ishine (1-keste), (2-keste) dep jazıladı. Kestelerdin' atlarının' astına sızılmaydı **(Atmosfera qurg'aqshılıg'ının' baslanıw, tamamlanıw ha'm dawam etiw mu'ddetleri (ortasha ko'p jıllıq mag'lıwmatlar tiykarında))**, olardın' atları qıya qılıp jazılmaydı ***(Atmosfera qurg'aqshılıg'ının' baslanıw, tamamlanıw ha'm dawam etiw mu'ddetleri (ortasha ko'p jıllıq mag'lıwmatlar))***. Kestenin' u'stinde ha'm astında bir qatardan orın qaldırıladı.

Eger PQJda bir g'ana keste bolsa, og'an san qoyılmaydi ha'm og'an "keste" so'zi de jazılmaydı.

**PQJnın' ko'lemi** titul beti, mazmunı, a'debiyatlar dizimi ha'm qosımshalardan tısqarı 10-15 mın' so'z ko'leminde belgilenedi.

Ta'lim bag'dari o'zgesheliginen kelip shıqqan halda PQJ quramlıq bo'limlerinin' mazmunı ha'm ko'lemi fakultet oqıw-metodikalıq ken'esinin' qararı menen o'zgertiliwi mu'mkin.

## Pitkeriw qa'nigelik jumısı orınlanıwın baqlap barıw

PQJnın' orınlanıwın tiykarınan fakultet dekanı, kafedra baslıg'ı ha'm ilimiy basshı baqlap baradı.

**Fakultet dekanı:**

PQj temasın fakultet ken'esinde ha'r ta'repleme dodalanıwın ta'miyinleydi;

PQJ temaların pitkeriw kursının' basında ja'riyalanıwın ta'miyinleydi;

PQJ temaları tiykarında PQJ teması ha'm basshını tastıyıqlaw -kafedranin' usınısı haqqındag'ı rektor buyrıg'ı joybarın tayarlaydı ha'm usınadı;

PQJ boyınsha studentlerdin' esap beriw kestelerin kafedralar kesiminde qa'liplestiredi ha'm orınlanıwın baqlap otıradı;

PQJ boyınsha retsenzentler dizimin tastıyıqlaydı;

Juwmaqlang'an PQJın sın menen birge qorg'aw ushın MAK komissiyasına usınadı.

Zamanago'y informatsion texnologiyaları quralında prezentatsiya formasında PQJlar qorg'awın sho'lkemlestiriw ushın arnawlı u'skenelengen auditoriyalardı belgileydi.



Scanned by CamScanner

**Kafedra baslıg'ı:**

PQJ boyınsha temalardın' u'lgi bankin ha'r oqıw jılında jan'alap baradı;

kafedra boyınsha pitkeriwshiler ta'repinen PQJlardın' orınlanıw jag'dayın protsentlerde anıqlaw ha'm monitoringin alıp barıw boyınsha pitkeriwshi ha'm basshının' esap berip barıwının' anıq sa'nesi, saatı ha'm orni ko'rsetilgen kesteni islep shıg'adı ha'm orınlanıwın kafedra jıynalıslarında dodalap baradı;

pitkeriwshiler esapların talapshan'lıq ruwxında o'tkiziliwin ta'miyinleydi;

PQJların orınlanıwın tapsırmada belgilengen mu'ddetlerden keshigiw jag'dayları anıqlang'anda olardı saplastırı□ boyınsha is-ilajların belgileydi, usınıslar islep shıg'adı, ornatılg'an talap ha'm ta'rtipke boysınıwın ta'miyinleydi;

PQJlarg'a basshı bolg'an professor-oqıtıwshılardın' pitkeriwshiler menen aktiv islewin qadag'alaydı;

PQJna sınshılar dizimin fakultet dekanına usınadı;

PQJlardın' da'slepki qorg'awın joqarı da'rejede o'tkeriliwin ta'miyinleydi;

PQJlardın' qorg'awın zamanago'y informatsion texnologiyalar quralları ja'rdeminde sho'lkemlesiwin ta'miyinleydi;

Shet tillerde orınlanıwı mu'mkin bolg'an PQJlardı kafedra jıynalısında dodalanadı ha'm usınıs beredi;

Joqari da'rejede orınlang'an ha'm qorg'alg'an PQJlarının' avtorların xoshametlew ushın usınıs beredi;

kafedra jıynalısında juwmaqlang'an PQJsın MAK komissiyasında qorg'awg'a kirgiziw ushın dodalaydı ha'm qarar qabıl etedi.

**PQJ basshıları** universitettin' professorları ha'm dotsentleri, en' ta'jriybeli oqıtıwshıları ha'm ilimiy xızmetkerler quramınan kafedra basshısı usınısına qaray rektor (yamasa onın' tapsırması boyınsha fakultet dekanı) buyrıg'ı menen tastıyıqlanadı. Basshılar basqa mekeme ha'm ka'rxanalardın' ilimiy xızmetkerleri ha'm joqarı maman qa'nigeler de bolıwı mu'mkin.

**PQJ basshısı:**

jumistın' temasına muwapıq, studentke qa'nigelik jumısına tiyisli materiallardı toplaw boyınsha (sonın' ishinde, qa'nigelik a'meliyat o'tkeriw da'wirinde, kurs jumısların orınlaw da'wirinde de) tapsırma beredi;

PQJnın' orınlanıwı boyınsha tapsırmanı islep shıg'ıwg'a studentke ja'rdem beredi;

studentke tema boyınsha tiykarg'i a'debiyatlar, mag'lıwmatlar, materiallar ha'm basqa dereklerdi usınadı;

turaqlı tu'rde studentke ma'sla'ha'tler berip baradı, PQJnın' tapsırmada belgilengen mu'ddetlerde sapalı orınlanıw protsessin qadag'alaydı;

pitkeriwshiler ta'repinen PQJlarının' o'z betinshe orınlanıp atırg'anlıg'ı u'stinen turaqlı tu'rde qadag'alaw alıp baradı;

basshılıq qılıp atırg'an PQJlarının' orınlanıwı boyınsha (aylıq ha'm ha'ptelik) monitoring alıp baradı, PQJ orınlanıw jag'dayın protsentlerde anıqlap ha'm kafedrada esabatlar berip baradı;

PQJların orınlawda keshigiw jag'daylarının' aldın alıw boyınsha sharalar ko'redi.

PQJna basshılıq ushın belgilengen waqıt norması qa'nige shıg'arıwshı kafedranın' oqıw ju'klemesine kiredi. PQJnın' basshısı za'ru'r dep esaplag'an jag'daylarda, basshılıq qılıwg'a ajıratılg'an waqıt limiti esabınan PQJnın' ayırım bo'limleri boyınsha ma'sla'ha'tshiler de usınılıwı mu'mkin. PQJnın' bo'limleri boyınsha ma'sla'ha'tler etip, universitettin' professor-oqıtıwshıları ha'mde basqa mekeme ha'm ka'rxanalardın' jetekshi qa'nigeleri ha'm ilimiy xızmetkerleri



Scanned by CamScanner

bekitiliwi mu'mkin. Ma'sla'ha'tshiler student oıinlag'an jumıstın' ma'lim bir bo'limlerin ko'rip shıg'adı.

Qa'nige tayarlawshı kafedralar tarawg'a sa'ykes halda PQJına qoyılatug'ın ma'jbu'riy talaplar ko'p jag'dayda belgilengen halda PQJın orınlaw boynsha metodikalıq ko'rsetpeni islep shıg'adı ha'm studentlerdi ta'miyinleydi.

## Pitkeriw qa'nigelik jumısının' prezentatsiyasın tayarlaw

Juwmaqlang'an PQJna basshı ta'repinen qol qoyıladı ha'm MAK ta qorg'aw ushın usınıs etiledi.

Sol ma'niste, studentten orınlag'an PQJ boyınsha 10 minutlıq prezentatsiya tayarlaw, onı ornatılg'an t'artipte qorg'aw talap etiledi. Prezentatsiyada PQJ teması boyınsha maqset ha'm wazıypalar ha'r ta'repleme ashıp beriliwi, alıng'an na'tiyje, juwmaq ha'm usınıslar ilimiy tiykarlap beriliwi lazım. Prezentatsiya zamanago'y texnikalıq qurallar ja'rdeminde orınlanadı.

Prezentatsiyada to'mendegiler ashıp beriliwi lazım:

temanın' aktuallıg'ı;

maqset ha'm wazıypalar;

quramı;

izertlewdin' teoriyalıq tiykarı, yag'nıy dereklerdi kritikalıq ko'z qarastan ko'rip shıg'ıw, analizlew na'tiyjesinde anıqlang'an ha'm PQJnın' tiykarg'ı bo'limin qurawshı sistemalastırılg'an teoriyalıq bilimler;

izertlew protsessinde qollanılg'an metodlardın' durıslıg'ı ha'm isenimlilik da'rejesi;

izertlew alıp barılıwına baylanıslı tvorchestvolık ha'm sheklewshi sha'rt-sha'rayatlar;

metodlardın' jergilikli sha'rayatqa modifikatsiya qılıng'anlıq jag'dayı;

student ta'repinen PQJ orınlanıwı dawamında alıng'an tiykarg'ı na'tiyjelerdin' mug'dar ha'm sapa analizleri (waqıya ha'm ha'diyseler arasındag'ı korrelyatsion baylanıslılıq da'rejesi ya'ki dinamikası), olardın' PQJ temasına sa'ykes keliwi;

na'tiyjelerdin' ilimiy-teoriyalıq ha'm a'meliy a'hmiyeti;

na'tiyjelerdi rawajlandırıw keleshegi ha'm basqa.

Studentlerdin' PQJ qorg'awı juwmaqlang'annan son' jumıslardı orınlaw protsessinde studentler ta'repinen jol qoyılg'an kemshilikler, anıqlang'an qa'telikler, sapasız orınlang'an PQJ, olardı saplastırıw jolları, sonın' menen birge, tema a'himiyeti, mazmunı ju'da' jaqsı ashıp berilgen, pa'nnin' son'g'ı utısları, shet elde orınlang'an jumıslar ken' qamrap alıng'an en' jaqsı jumıslar basshı ta'repinen analiz qılınadı ha'm studentlerge jetkeriledi.

A'meliy ha'm teoriyalıq a'hmiyetke iye bolg'an PQJlar tanlawlarg'a ha'm o'ndiriske engiziw ushın usınıladı.

## Pitkeriw qa'nigelik jumısının' qorg'alıwı

Tamamlang'an PQJ student ha'm konsultant ta'repinen qol qoyılg'an halda ilimiy basshıg'a usınıladı. Basshı PQJın ko'rip shıg'ıp, maqullang'annan son' qol qoyadı ha'm jumstın' juwmaqlang'anlıg'ı haqqındag'ı o'z juwmag'ı menen birge kafedra baslıg'ına usınadı. Sında PQJnın' ha'mme bo'limleri boyınsha orınlang'an jumıslardın' sıpatlaması keltiriliwi kerek. Kafedra baslıg'ı usı materiallar tiykarında studenttin' qorg'awg'a ruxsat etiliwi haqqında qarar qabıl etedi ha'm bul haqqında PQJna tiyisli jazıwlardı dizimge aladı. Eger kafedra baslıg'ı studenttin' PQJın qorg'awg'a kirgiziw mu'mkin emes dep esaplasa, bul ma'sele kafedra ma'jlisinde ko'rip shıg'ıladı. Kafedra ma'jlisi ilimiy basshı qatnasıwında



Scanned by CamScanner

bayannaması fakultet dekanı ta'repinen tastıyıqlanıp, universitet rektorına usıs etiledi.

Kafedra baslıg'ı ta'repinen qorg'awg'a usınılg'an PQJ sırtqı sıng'a jiberiledi.

Islep shıg'arıw ha'm ilimiy mekemeleri qa'nigeleri quraminan kafedra baslig'i ta'repinen usinilg'an sinshilar dizimi fakultet dekani ta'repinen tastiyiqlanadi. Sinshi sipatinda o'ndirislik ha'm ilimiy mekemelerinin' qa'nigeleri, sonday-aq, basqa joqari oqiw orinlarinin' professor-oqitiwshilari da bolıwı da mu'mkin.

PQJ qorg'aw Ma'mleketlik attestatsiya komissiyası ta'repinen bahalanadı.

PQJ qorg'alg'annan son' joqarı oqıw ornında bes jıl saqlanadı.

Pitkeriwshige o'z qa'lewine qaray o'z PQJ nan nusqa aliwg'a ruxsat etiledi.

Za'ru'rlik tuwılg'anda PQJnın' nusqası ka'rxana (mekeme) g'a o'ndiriske engiziw ushın jiberiledi.

## Pitkeriw qa'nigelik jumısının' bahalanıwı

PQJ Joqari ha'm orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi ta'repinen tastıyıqlang'an "O'zbekistan Respublikası joqarı oqıw orınları pitkeriwshilerinin' juwmaqlawshı ma'mleketlik attestatsiyası haqqındag'ı Nızam" tiykarında 100 ballıq sistemada bahalanadı. Bunda ha'r bir ta'lim bag'darı o'zgesheliginen kelip shıqqan jag'dada PQJnın' bahalaw ta'rtipleri islep shıg'ıladı ha'm ornatılg'an ta'rtipte tastıyıqlanadı.

Juwmaqlawshı ma'mleketlik attestatsiya komissiyasının' esabatları 2-3 qosımshalarg'a muwapıq oqıw-metodikalıq basqarmag'a usınıladı.



Scanned by CamScanner

**1-qosımsha**

**O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARİ HA'M ORTA ARNAWLİ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**GEOGRAFİYA KAFEDRASI**

**Ta'biyattanıw fakultetinin' Gidrometeorologiya ta'lim bag'darının' IV-kurs studenti Quwanishbaeva Ziywar Oralbaevnanın'**

**PITKERIW QA'NIYGELIK JUMİSİ**

**TEMA: QARAQALPAQSTAN KLIMATINDAG'I O'ZGERISLER HA'M ONIN' AWIL XOJALIG'INA TA'SIRI**

Jaqlawg'a jiberildi

____________________

«____»________ 2018 j.

Ilimiy bashı

_____________dots.G.A.Xodjaeva

Kafedra baslıg'ı: _____________ dots.N.J.Embergenov

**NO'KİS-2018**



Scanned by CamScanner

2-qosımsha

*MAZMUNI*


| | | |
|---|---|---|
| | **KİRİSİW** | 3 |
| **I BAP.** | **KLİMATLIQ SHARAYAT HA'M AWIL XOJALIG'I** | 7 |
| I.1. | Klimatlıq resurslardı Qaraqalpaqstan sharayatında bahalaw | 7 |
| I.2. | Meteorologiyalıq elementler ha'm olardın' awıl xojalıg'ı o'ndirisine ta'siri | 8 |
| I.3. | Tu'slik Aral boyı ekologiyalıq krizisi ha'm klimatlıq o'zgerisler | 11 |
| **II BAP** | **QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASININ' KLİMATLIQ SHARAYATLARINDAG'I O'ZGERİSLERİ** | 13 |
| II.1. | İzertlew ob`ektinin` ta`biyiy-geografiyalıq jaylasqan ornı, ta`biyiy sharayatı ha'm tabiyiy resurslarının` qısqasha sıpatlaması | 13 |
| II.2 | Qaraqalpaqstan Respublikasının' klimatına qısqasha sıpatlama | 21 |
| II.3 | Respublika klimatlıq sharayatlarının' dinamikalıq o'zgerisleri | 27 |
| II.4. | Meteorologiyalıq elementlerdin' sahralasıwg'a baylanıslı o'zgeriwi ha'm olardın' aqıbetleri | 36 |
| **III BAP** | **QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASININ' KLİMATLIQ SHARAYATLARININ' AWIL XOJALIG'I KO'Z-QARASINAN SIPATLAMASI** | 38 |
| III.1. | Termikalıq resurslardı awıl xojalıg'ı maqsetinde bahalaw | 38 |
| III.2. | Qolaysız klimatlıq qubılıslardı jumsartıw boyınsha ila'jlardı tiykarlaw | 43 |
| | **JUWMAQLAW** | 45 |
| | **O'MİR QA'WİPSİZLİGİ** | 47 |
| | **PAYDALANILG'AN A'DEBİYaTLAR** | 52 |
| | **QOSIMShALAR** | 55 |
| | 1. PQJnı orınlaw boyınsha tapsırma ............................... | 56 |
| | 2. Kafedra ma'jilisi is qag'azınan ko'shime ........................ | 58 |
| | 3. Ilimiy basshının juwmag'ı........................................ | 59 |
| | 4. Sın, pikir ........................................................... | 60 |




Scanned by CamScanner

**3-qosımsha**

Ma'mleketlik attestasiya komissiyası ma'jilisinin'
PROTOKOLI

"____" __________20____j.

Student ________________________________________________ nin'

______________________________________________________________

___________________________________________________________

temasindag'ı pitkeriw qa'nigelik jumısın ko'rip shıg'ıw boyınsha

**Qatnasqanlar:**

MAK baslıg'ı: __________________________________________________

MAK ag'zaları: _________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

Pitkeriw qa'nigelik jumısı basshısı ____________________________________

Ma'sla'ha'tshisi ___________________________________________________

MAK na to'mendegi hu'jjetler usınıs etilgen:

Student _____________________________________________ nin' oqıw rejesindegi pa'nlerdi tapsırg'anlıg'ı haqqında fakultet dekanatının' 20___ jıl _________ da bergen mag'lıwmatnaması.

Pitkeriw qa'nigelik jumısı _________ bet ko'lemde orınlang'an.

Pitkeriw qa'nigelik jumısı boyınsha sızılg'an sızılmalar sanı _______

Ilimiy basshının' pikiri _________________________________________

Sın, pikir beriwshiler ___________________________________________

Pitkeriw qa'nigelik jumısının' orınlanıwı boyınsha syudent bayanat etkennen son' studentke to'mendegi sorawlar berildi:

1. ________________________________________________________
2. ________________________________________________________
3. ________________________________________________________

MAK qararı

Student ___________________________________________________ pitkeriw qa'nigelik jumısın ____________________bahasına orınladı ha'm qorg'adı.

Student _________________________________ qa ____________________ ta'lim bag'darı boyınsha bakalavr da'rejesi berilip ________________________________ u'lgidegi diplom jazılsın.



Scanned by CamScanner

To'mendegiler o'z aldına ko'rsetip o'tilsin ___________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

MAK baslıg'ı ______________________________________________

(F.i.a'.a. imza)

Ag'zaları _________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

___________________________________________________________

MAK xatkeri ______________________________________________



Scanned by CamScanner

4-qosımsha

QARAQALPAQ MA`MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TA`BİYaTTANIW FAKUL`TETİ

Geografiya kafedrasının' 5140700-Gidrometeorologiya bakalavr bag'darı

MA'MLEKETLIK ATTESTASIYA KOMISSIYASININ' 2017-2018 OQIW JILI USHIN ESABI

Ma'mleketlik attestasiya komissiyası quramı (MAK) 2018-jıl "___"________ sanlı buyrıq penen tastıyıqlang'an.

Baslıq ______________________
Baslıq orınbasarı ________________
Ag'zaları: ___________________
___________________________
___________________________
___________________________
Xatker ______________________

Esap oqıw bo'limine 2018-jıl "___" ____________ ku'ni tapsırıldı.

MAK ma'jilisine to'mendegiler qatnastı:
Rektorattan: ______________________________
Dekanattan: ______________________________
Kafedradan ______________________________

Barlıg'ı bolıp MAK tın' (sanı) _______ ma'jilisi o'tkerildi.
**MAK komissiyası** majilisine usınılg'an hu'jjetlerdi, orınlang'an pitkeriw qa'nigelik jumısının' sapasın ko'rip shıg'ıp pitkeriwshilerdin' ma'mleketlik attestatsiyasındag'I juwapların analizlep to'mendegi pikirlerdi bildiredi:

1. Ulıwmalıq mag'lıwmatlar:

| № | Mag'lıwmat tu'ri | Ta'lim bag'darının' kodı ha'm atı | Studentler sanı |
|---|---|---|---|
| 1 | Attestatsiyag'a kirgizildi | | |
| 2 | Sonnan, jumısın qorg'adı: Ayrıqsha (86-100%) | | |
| 3 | Jaqsı (71-85%) | | |
| 4 | Qanaatlanarlı (55-70%) | | |
| 5 | Ma'mleketlik attestatsiyag'a kirgizilmedi | | |
| 6 | Ayrıqsha diplomg'a ılayıq studentler | | |
| 7 | Magistraturag'a usınıs etilgen studentler | | |



Scanned by CamScanner

**2.Ilim ha'm texnologiyan**ın' zamanago'y rawajlanıwına juwap beretug'ın, o'ndiristin' a'himiyetli temalarına bag'ıshlang'an pitkeriw qa'nigelik jumısları

| № | Pitkeriwshinin' familiyası ha'm atı | Pitkeriw qa'nigelik jumısı teması | Basshısı |
|---|---|---|---|
| 1 | | | |
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |
| 5 | | | |
| 6 | | | |
| 7 | | | |

**3.Ka'rxana ha'm mekemelerde or**ınlang'an pitkeriw qa'nigelik jumısları

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________

____________________________________________________________



Scanned by CamScanner

5-qosımsha

**QARAQALPAQ MA`MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**
**TA`BİYaTTANIW FAKUL`TETİ**
**Geografiya kafedrası**

**Pitkeriw qa`niygelik jumısının` tapsırması**

______________________________________________

(Studenttin` familiyası, atı, a`kesinin` atı)

**Pitkeriw qa`niygelik jumısının` teması** ______________________________

______________________________________________

| q/s | Jumıstın` orınlanıw basqıshları ha`m tiykarg`ı is-ila`jlardın` mazmunı | Orınlaw mu`ddeti | Na`tiyjeler: orınlanıwı boyınsha belgiler |
|---|---|---|---|
| 1. | İzertlew temasın tan`law | Sentyabr ayının` 1-ha`ptesi | |
| 2. | Tan`lang`an tema boyınsha bibliografiyalıq ha`m ma`limleme resurslar, biblioteka fondları ha`m elektron resursları menen tanısıw<br>Bibliografiya dizimin du`ziw | Sentyabr ayı dawamında<br>Sentyabr-oktyabr | |
| 3. | İnformatsiya derekleri ha`m hu`jjetlerin (a`debiyat ha`m elektron resurslar) teren`nen u`yreniw<br>Temag`a tiyisli konspekt, annotatsiya ha`m teezislerdi tayarlaw | Oqıw jılının` 1-semestri dawamında<br>1-semestr | |
| 4. | İlimiy-izertlew mashqalaların qa`liplestiriw ha`m sıpatlaw | Noyabr-dekabr aylarında | |
| 5. | İzertlewdin` aktullıg`ı, jan`alıg`ı ha`m a`meliy a`hmiyetke iyeligin tiykarlaw<br>İzertlew teması boyınsha ma`selenin` u`yreniliw da`rejesin sıpatlaw ha`m olardı salıstırmalı analizlew | Noyabr-dekabr aylarında<br>Sentyabr-noyabr ayları | |
| 6. | Jumısshı strukturanı qa`liplestiriw | Sentyabr-oktyabr aylarında | |
| 7. | PQJ da qollanılatug`ın terminlerdi anıqlaw | Noyabr ayında | |
| 8. | Tu`sindiriw xatın tayarlaw | Sentyabr ayının` | |



Scanned by CamScanner

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | 1-2-ha`ptesinde | |
| 9. | PQJnın` quramlıq-logikalıq sxemasın du`ziw | Sentyabr ayının` 3-ha`ptesinde | |
| 10. | Maqset, ma`seleler ha`m strukturag`a muwapıq analiz usılın tan`law ha`m tiykarlaw (protsedura usılı, a`sbaplar) | Sentyabr-oktyabr aylarında | |
| 11. | İzertlew terminologiyasın anıqlaw: tiykarg`ı tu`siniklerdi analizlew, salıstırıw, klassifikatsiyalaw, ulıwmalastırıw | Noyabr ayında | |
| 12. | Ta`jiriybe sınawlardı o`tkeriw, Alıng`an mag`lıwmatlardı sistemag`a tu`siriw Ta`jiriybe-sınaw materialların jıynaw Mag`lıwmatlardı ulıwmalastırıw, bar bolg`an mag`lıwmatlar menen salıstırıw, analizlew | Sentyabr-oktyabr aylarında | |
| 13. | Alıng`an mag`lıwmatlar (na`tiyjeler)dı jan`alıq, ob`ektivlik, isenimlilik, bir pu`tinlik (tolıqlıq) talaplarına juwap beriwin matematikalıq statistika usılların qollag`an halda analizlew | Dekabr-yanvar aylarında | |
| 14. | PQJnın` kirisiw bo`limin jazıw<br><br>PQJnın` 1-babın jazıw<br><br>PQJnın` 2-babın jazıw | Mart ayında<br><br>Yanvar-fevral` aylarında<br>Fevral`-mart aylarında | |
| 15. | Jumıstın` ha`r bir bo`limin tamamlag`anın ha`m barlıq jumıs ko`lemindegi isenimli da`lillerdi qayta tekseriw | Mart ayında | |
| 16 | PQJ nın` juwmaqlaw bo`limin jazıw | Mart ayında | |
| 17 | PQJ nın` kirsiw bo`limin tiykarg`ı bo`lim ha`m juwmaqlawdag`ı pikirler tiykarında qayta ko`rip shıg`ıw | Mart-aprel` aylarında | |
| 18 | PQJ tekstinin` da`slepki variantın tayarlaw | Aprel` ayında | |



Scanned by CamScanner

| | | | |
|---|---|---|---|
| 19 | Jumıstı ilimiy basshıg`a usınıs etiw | 15-mayg`a shekem | |
| 20 | ilimiy basshının` o`zgertiwleri ha`m pikir, usınısların esapqa alıp jumıstı qayta ko`rip shıg`ıw, jumısqa tiyisli qosımsha ha`m o`zgertiwler kirgiziw | 15-mayg`a shekem | |
| 21 | PQJ g`a qoyılatug`ın ta`rtip qag`ıydalarg`a muwapıq ra`smiylestiriw | 15-mayg`a shekem | |
| 22 | Ko`bi menen 10 minutlıq bayanat ha`m prezentatsiya materialların (slaydlar) tayarlaw ha`m ilimiy basshının` baqlawınan o`tkeriw | PQJ nı da`slepki qorg`awg`a shekem | |
| 23 | PQJ nın` da`slepki qorg`awın kafedradan (o`ndiris ka`rxanasınan) o`tkeriw | Kafedra ta`repinen belgilengen mu`ddette | |
| 24 | Da`slepki qorg`awda berilgen usınıslardın` tiyisli bo`limlerin PQJ g`a kirgiziw | PQJ nın` da`slepki qorg`awınan keyin | |
| 25 | PQJ nı orınlawdın` tapsırmasında berilgen ha`r bir ba`nttin` orınlanıwı boyınsha ilimiy basshı menen kelisken jag`dayda jazba esaplar tayarlap barıw | Ha`r ayda ha`m semestrler juwmag`ında kafedrada esap beriw | |
| 26 | Tapsırmadag`ı is-ilajlardın` o`z waqtında sapalı ha`m na'tiyjeli, basqıshpa-basqısh orınlanıwın ta`miyinlew maqsetinde ilimiy basshıdan ma`sla`ha`tler alıp turıw | Kafedra ta`repinen belgilengen keste tiykarında | |

Pitkeriw qa`nigelik jumısı basshısı ______________________ (imza)

Kafedra baslıg`ı ______________________________________ (imza)



Scanned by CamScanner

Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti Ta'biyattanıw fakulteti Geografiya kafedrası ma'jilisinin' ___ sanlı is qag'azınan

**KO'SHIRME**

No'kis q. 31. 05. 2018 j.

Qatnasqanlar: *Kafedra professor-oqıtıwshıları ha'm 4-kurs studentleri*

**Ku'n ta'rtibi:** 4-kurs Gidrometeorologiya bakalavr ta'lim bag'darının' pitkeriw qa'nigelik jumısının' da'slepki jaqlawı.

**Tın'landı:** Ma'jilisti kafedra baslıg'ı dots.N.Embergenov ashıp berdi ha'm so'z na'wbetin studentlerge berdi.

Z.Quwanıshbaevanın' «Qaraqalpaqstan klimatindag'ı o'zgerisler ha'm onın' awıl xojalıg'ına ta'siri» temasındag'ı pitkeriw qa'nigelik jumısı boyınsha usı ku'nge shekem orınlag'an jumısları haqqında esap berdi. Kafedra professor-oqıtıwshıları PQJ mazmunı, tayarlıq da'rejesi ha'm kemshilikleri haqqında qısqasha aytıp o'tti.

Qarar: Z.Quwanıshbaevanın' «Qaraqalpaqstan klimatindag'ı o'zgerisler ha'm onın' awıl xojalıg'ına ta'siri» temasındag'ı pitkeriw qa'nigelik jumısı boyınsha esabı qabıl qılınsın ha'm jaqlawg'a usınıs etilsin.

Ma'jilis baslıg'ı: dots. N. Embergenov

Xatker: ass. K.Utarbaeva



Scanned by CamScanner

**7-qosımsha**

**BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**TA'BIYATTANIW FAKULTETI**

5140700-Gidrometeorologiya ta'lim bag'darı boyınsha pitkeriwshi ______________________________ nın'
______________________________
______________________________
______________________________
temasındag'ı pitkeriw qa'niygelik jumısı ilimiy basshısının'

JUWMAG'I

PQJ temasının' aktuallıg'ı ______________________________
______________________________
______________________________
______________________________

PQJ da orınlang'an izertlewdin' ilimiy jan'alıg'ı ______________________________
______________________________
______________________________
______________________________

Pitkeriwshinin' ilimiy izertlew jumısına mu'na'sibeti ______________________________
______________________________
______________________________
______________________________

PQJ juwmag'ının' sapası ______________________________
______________________________
______________________________
______________________________

Jumıstın' PQJ g'a qoyılatug'ın talaplarg'a sa'ykesligi ______________________________
______________________________
______________________________

İlimiy basshı dots. G.A.Xodjaeva



Scanned by CamScanner

## Mazmuni

So'z basi........................................................................................................2
Pitkeriw qa'nigelik jumısının' maqseti ha'm wazıypası ........................................4
Pitkeriw qa'nigelik jumısı teması ..........................................................................5
Pitkeriw qa'nigelik jumısın orınlawdın' tapsırması ..................................................5
Pitkeriw qa'nigelik jumısının' quramı ha'm mazmunı.................................................6
Pitkeriw qa'nigelik jumısı orınlanıwın baqlap barıw .................................................9
Pitkeriw qa'nigelik jumısının' prezentatsiyasın tayarlaw.........................................11
Pitkeriw qa'nigelik jumısının' qorg'alıwı...............................................................11
Pitkeriw qa'nigelik jumısının' bahalanıwı..............................................................12
1-qosımsha ..........................................................................................................13
2-qosımsha ..........................................................................................................14
3-qosımsha ..........................................................................................................15
4-qosımsha ..........................................................................................................17
5-qosımsha ..........................................................................................................19
6-qosımsha ..........................................................................................................22
7-qosımsha ..........................................................................................................23



Scanned by CamScanner

«Miraziz Nukus» ЖШЖ баспаханасында басылды.
Өзбекистан Республикасы баспа сөз ҳәм хабар агентлигиниң
2013-жыл 10-майдағы № 11–3059 лицензиясы.
Көлеми 1,5 баспа табақ. Қағаз көлеми 60х84 1/16
Буйыртпа №18-18. Тиражы 50 нусқа

Scanned by CamScanner